

1. BOEDAK LINTOEH.

Ka dieu, baroeduk!

Maraneh geus papauggih dijeug Oedjang
Gëmbroe?



Saha noe tajau?

Geura ilikan ieu gambarna!

Euleah! euleah!
geuning lintoeh nakër.

Pipina mani karëhi,
beuteungna njëmploe.

Poegoeh! Pang disëboel
Oedjang Gëmbroe oge, da
gëde henteung.

Ari ngaran^{na} noe saë
njana mah Oedjang Roesdi
„Dadaharanana oengga
poë beak doa kati.” Ujuk
ëmana. Ari deungeut
sangoe salawasna sok

meakkeun batoer. Barang hakanna taja eureunna.
Ti baraug hoodang népi ka doeg hees, soengoaetna
ieu pětot-pětot njapek. Sakoer kahakanan noe
kapanggih diloeapkeun.

Tah kitoe sababna pang lintoeh teh!

Sore isoek ieu aja deui gawena, ngan oelin
hae di kělon.

Toeh genning: hadjoena, tjalanana, muai
rarawing, sok tikakarait kana pagěr.

Koe kololna papakeanana tara pati dioerues,
bongan gagabah

Omong émanan: „Keun hae soegan kapokeur.”

2. ADINA.

Maraneh meureun geus warawoek djenug
adina, noe ngaran Nji Misuém mah, aja?

Lamoen paroho deni, tah genning ieu gambarana.

Awakna Nji Misnēm hěnten kawas lantjeukna.

Ieu mah rada koeroe meunsar. Barang daharna
ieu pati gěmboel kawas Oedjang Gěmbroe. „Dina
sapoé, ngan oekoer beak kedjo saboboko.” Ijeuk
ndoengna mah.

Tjapék rahemna taja oesoemna.

Lain boedak gëmbœel eta mah, nja?



Oemoer Misnëm ngan beda doca taoen djeung Oedjang Roesdi.

Oedjang Roesdi toedjoeh taoen, ari Nji Misnëm lima taoen. Sore isoek saroes bae karésépna. ngan aroelin.

Misnëm sok dibahawa koe kantjeukna ka kибon atawa dadagangan djeung batoer talanggana.

Papukeanana tjara Roesdi bae, kalotor djeung sarœh. Di mana digaranti

badjoena atawa sampingna, ari baralik gens rarawing. Koe sabab eta indoengna sok keuheuleun nakër ka eta doca boedak teh.

Na aja boedak balageur teuing, nja euy!

3. IMAINA

Pernahna imah Roesdi kira' saratoes langkah ti hidji waloengan.

Ela imah teh weuteuh keneh. Těpasna aloes sarta sakoerilingna disarigsig.

Geura ocrang ilikan.

Tah ieu hoereanona. Na', aja kėkėmbangan lafoetjoe teuing, nja! Binihna hawa 'Pa Roesdi, basa manehna poelang ti pasar Bandoeang.

Geura itoe tangkal djamboe, bocahna' mani barodas. Nja ieu noe sok ditarackan koe Roesdi djeung koe Misnėm teh.

Ilajoe ocrang ka gigireun imahna! Kade etah, bisi nintjak anak bajam. Euleuh², mani rėndėj, toeh di kolong!

Toeh geuning leuitna! Gigireunana aja lisocng. Misnėm mindėng pisan ngadjantėng di dinja, lamoen indoengna keur nocloe teh. Oetjingna dėpa dina panto leuit, taksiran keur toenggoe, bisi aja beurit asoep.

Ari itoe, toeh noe di djoeroe, kaudang si Djeloc, njaeta domha Roesdi, pamere hapana.

Mindëng uakër dibawa oelin koe Roesdi sarta sok ditoempakan sakapeung mah, bari boentoetna dibëbëtol koe Misnëm.

Ajeuna si Djalóc teli sémoe soesaheun pisan, sabab doenoenganana cuweuh, atawa..... kajangeun njatoe, kiloe?

Di pipir imah aja soemoer. Ari itoe, toeh di djocroe beulah ditoe, pakandangan moending, nja eta sobat Roesdi noe pangbédasna. Oepama Roesdi, ngadoea djeung adina dina tonggongna, manehna fara benteun.

Ajeuna mah hajoe orang maroelang hae.

Éngke di lochoer loba deni lakon Roesdi djeung Misnëm.

4. SEMAH.

Dina hidji poë, waktoe baroedak keur aroelin di boerocan, djol aja semah, euren deukeut imah Roesdi.

„Misnëm! Misnëm! ka dieu.” Ujeuk Roesdi.

„Aja naon, 'Di?’”

„Ka dieu, Näm! Hoe aja noe toempak koeda.“

„Saha uja, 'Di?“

„Njao, da aing mahi teu wawoel,“ tjeuk
Roedri. „Euleuh, euleuh, geuning ka ocrang!“



Toeloej baroedak disampeurkeun koe noe
toempak koeda léh.

Smahna toeroen tina koeda, hari njaloekan
ka baroedak, pokna: „Ka darien Oedjang, Njai,
bapa djeung éma araja?“

„Araja, bapa keur matjoel di kéhon, éma
keur ninoen di toekang. 'Kel koe koerung rek
dibedjakeun, uja!“

Docanana laloempatan, si Roesdi ka bapana, si Misnëm ka indoengna.

Ti kadjaeohan keneh baroedak geus gëgëroan, njaritakeun aja semah mawa koeda.

„Saha, 'Djang?' tembal bapana.

„Teu njaho koering mah, bapa! da naujakeun bapa geuning! Sampurkeun bae atoch koc bapa.”

„Ach-ach, geuning paman silaing ti dajauh. Na silaing poho deui? Kapan ëmang Moerdiam eta teh!”

Toctoej semah diarakoe koc indoeng bapa Roesdi.

Roesdi djeng Misnëm narendjokeun ti kadjaeohan, teu daraekeun ngadareukeutan, da areraeun. Geus kitoe, djeng maranehanana arindit deui ka këbon, aroelin.

5. MARAK.

„Misnëm! oerang ënggeusan bae këkëbonan teh,” tjek Roesdi.

„Na' ënggeusan, Roesdi?”

„Orang marak anggoer, noeroetan bapa!
Toeh, soesoekan iloe orang parak.”

„Moal aja laoe kan soesoekan iloe mah, mēn-
ding soesoekan noe deukeut leuit,” tembal Misnēm.



„Hajoe atoch! aubeh ioe ongkoh! Pek sia
njokot ajakanana, aing rek njokot patjocl. Toeh
tjokot batoena Misnēm, keur mēndēt,” tjeuk
Roeddi. „Pek sia geura njair, kade hae bisa
dipalil lete. Aing rek kokodok, soegan bae
meunang laeok gēde, keur bapa.”

Si Misnēm njair, si Roeddi kokodok.

Lila pisan barang alana teh, tapi latjan meunang keujeup atjan, da poegoeh soesoekan leutik djeung saat.

Si Misnëm gëgëroan, pokna: „Roesdi! Roesdi!
ka dieu! aing bantocan, ieu laeok gëde, bisi
leupas.”

Ajakanana dikeucumkeun bae, ngadagoan si
Roesdi datang.

„Keun bae koe aing didjaitna, Misnëm,”
tjeak Roesdi.

Eta doca boedak soesoerakan, aratoheun.

Barang didjait, geuning gamparan potong
djeung roentah.

„Ihi ari boedak doesoen,” omong Roesdi,
„gamparan² disëboet laeok.”

„Hajoe, ah! oeraug haralik, ia cuweuk
laeokan.”

Gamparanana toeloej dibalangkeun.

Si Misnëm njehoen ajakan, si Roesdi mang-
goel patjoel, njalampeurkeun iudoengna.

„Ti marana sia, djarëdjëblogan,” tjeuk in-
doengna. „Si garoreng patoet, cuweuk deni
gawe teh, ngan goejang djeung papanasan.
Geura marandi ka ditoe geus boerit.”